



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$3.5 MILYON POU KONSEPSYON AK ENJENYERI
PWOJÈ NIAGARA GORGE (NIAGARA GORGE PROJECT)
*Finansman an Enkli Travay Pou Deplase Ansyen Otowout Robert Moses Ki Mezire
Twa Kilomèt lan nan Niagara Falls***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke to te fè kado \$3.5 milyon pou fè vanse konsepsyon final pou Pwojè Niagara Gorge lan. Pwojè a enplike pwosesis pou retire twa ekta segman wout eksprès nan Niagara Scenic Parkway, epi ranplase li ak yon rezo santye panoramik, ak wout ki pi piti pou sikilasyon lokal la, pou kapab amelyore aksè a rivaj lan epi rapwoche vwazinaj yo ak Niagara Falls.

“Niagara Gorge se yon mèvèy natirèl ki, akòz de ansyen Robert Moses Parkway lan, te efektivman bouche de piblik lan pandan twò lontan,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa fè nou vin yon pa pi pre pou nou kapab fini pwojè sa, epi ogmante aksè nan pyè presye panoramik sa pou moun Rejyon Lwès New York yo menm jan ak vizitè yo.”

Montan \$3.5 milyon an te apwouve pa administratè New York Power Authority (NYPA) yo, epi li pral itilize pou travay enjenyeri ak konsepsyon final yo pou pwojè Koridò Niagara Gorge lan. Konstwiksyon an enplike pwosesis pou retire twa ekta betonaj, ak ouvèti jiska 56.6 ekta (140 acres) espas vèt sou tout bò Niagara Gorge lan ant Niagara Falls State Park ak Whirlpool ak DeVeaux Woods State Park.

Niagara Falls State Park se pi ansyen pak leta nan peyi Etazini, epi li resevwa anviwon 8 milyon vizitè chak ane. Niagara Scenic Parkway, ke yo te konnen anvan sou non Robert Moses Parkway, li te konstwi pa New York Power Authority nan ane 1950 yo kòm yon pati nan konstwiksyon Pwojè Kouran Niagara NYPA an.

Nan kòmansman ane sa, Gouvènè an te [anonse](#) yon plan transfòmatif pou ranplase Robert Moses Parkway lan ki mezire twa kilomèt epi ki pa itilize anpil lan pa espas lib ak vizyèl panoramik yo pou kapab fè rivaj la vin pi aksesib. Pwojè \$42 milyon an pral finanse pa NYPA, anba yon akò ak USA Niagara, ki se yon divizyon nan Empire State Development. NYPA posede anviwon 71 pousan tèren kote yo pral retire otowout lan. Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo nan Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) lan ap kontribiye tou nan bay \$2 milyon pou pwojè a.

“Niagara Falls klase pami pi gwo atraksyon natirèl nan mond lan, epi anons jodi a

deklare angajman nou pou fè mèvèy sa vin pi aksesib pou dè milyon moun ki ap vizite rejyon nou an chak ane” **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè sa, an plis de amelyorasyon yo ki deja fèt nan Niagara Falls State Park lan, li pral asire ke touris pral kontinye jwe yon wòl enpòtan nan renesans ekonomik Rejyon Lwès New York lan. Gouvènè Cuomo ansanm ak NYPA ap kontinye ak lidèchip yo nan restore yonn nan pyè presyez reyèl Eta New York yo pou atenn tout potansyèl li.”

Howard Zemsky, ki se Prezidan, PDG & Komisè Empire State Development, te deklare, “Vanse devan nan transfòmasyon seksyon nò Niagara Scenic Parkway lan se yon bòn nouvèl pou Niagara Falls. Pwojè an pral pèmèt pou genyen aksè rekreyatif dirèk pou ale nan Niagara River, epi rejyon an pral benefisye anpil lè li retire baryè fizik epi sikolojik sa ki te yon obstak pou vwazinaj Niagara Gorge ak Niagara Falls yo pandan dè dekad.”

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak PDG NYPA, te deklare “NYPA toujou ap travay di pou li se yon jesyonè tèren ki devwe, kote etablisman nou yo sitiye yo. Pwojè sa pral amelyore eksperyans Falls yo epi fè zòn lan vin tounen kote espesyal anpil sa ke yo kapab vizite.”

Rose Harvey, ki se Komisè Pak Eta yo, te deklare, “Pwojè sa se pral pi gwo ekspansyon pou Niagara Falls State Park. Niagara Gorge ansanm ak santye li yo espektakilè anpil, epi nou espere ogmante opòtinite rekreyatif yo sou tout Gorge lan pou tout moun kapab pwofite.”

Brian Higgins, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Sa se yon gwo kontinyasyon nan yon jefò pou retounen konekte Vil Niagara Fall ak rivaj li an. Pwosesis pou deplase Otowout lan reprezante deplasman yon baryè fizik ke yo fòse sou abitan vil yo depi dè dekad, ki te bare wout opòtinite pou Niagara Fall kapab atenn tout potansyèl li. Pandan n’ap retire estrikti sa, nou pral konstwi yon kominote ak yonn nan pi gwo destinasyon yo nan mond lan.”

Senatè Rob Ortt te deklare, “Ouvri aksè a rivaj lan sa pral fè wout pou plis vizyèl panoramik ak opòtinite pou abitan ak vizitè nou yo. Pwojè sa pral sèvi kòm yon katalizè pou kapab estimile ekonomi an, ogmante touris, epi fè vil lan vanse devan.”

Paul Dyster, ki se Majistra Niagara Falls, te deklare, “Sa se yon lòt pa annavan enteresan pandan n’ap kontinye travay pou kapab amelyore eksperyans Niagara a atravè touris rekreyatif, epi retounen konekte abitan yo menm jan ak touris yo ak rivaj klas mondyal nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo, administratè New York Power Authority yo ak patnè nou yo nan gouvènman an, poutèt investisman pèmanan yo nan avni nou, epi nou espere wè anpil bagay eksitan ki gen pou vini.”

Nouvo konsepsyon an pral pèmèt pote nouvèl opòtinite rekreyasyon, ki enkli vizyèl panoramik ak santye yo ke yo kapab itilize pou kouri, monte bisiklèt, epi fè eski atravè peyi an, epi li vize reflekte atansyon renouvle rejyon an sou devlopman ekonomik.

An 2014, Power Authority te bay jiska \$2 milyon pou otorizasyon anviwònmantal ak enjyeri preliminè yo. Nouvo finansman an pral sèvi pou dokiman konsepsyon final ak konstwiksyon yo pou kapab deplase otowout lan, pou rekonstwiksyon Whirlpool Street ak Third Street, pou peyizaj plant natif yo ak konstwiksyon yon sistèm santye konpreyansif. [Ou kapab wè la a kontrandi ayeryen yo sou Pwojè Koridò Niagara \(Niagara Corridor Project\).](#)

Yo prevwa kòmanse ak deplasman otowout lan nan kòmansman ane 2018 epi li pral dire anviwon de ane. Wout lan posede pasyèlman pa Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo nan Eta New York, epi li mentni epi jere pa Depatman Transpò Eta New York, ki pral sipèvize konstwiksyon pwojè a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418